



Pou Piblikasyon Imedya: 25/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10 MILYON DOLA KOUNYE A DISPONIB POU
PWOJÈ TÈMIK NAN GRAN ECHÈL YO KI DIMINYE EMISYON GAZ KI LAKOZ EFÈ
SÈ YO**

***Nouvo pwogram tèmik gwo echèl sipòte dekarbonize sistèm chofaj, refwadisman
ak dlo cho nan bilding yo, ki gen ladan konsepsyon pou plizyè bilding ki sèvi ak
rezo enèji tèmik yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 10 milyon dola disponib kounye a pou pwojè tèmik nan gran echèl ki diminye emisyon gaz ki lakoz efè sè yo nan chofaj, refwadisman, ak dlo cho nan bilding yo. Nouvo Pwogram Tèmik nan Gran Echèl la pral sipòte pwojè pou gwo bilding oswa rezo bilding ki montre konsepsyon ak modèl biznis ki ka repwodui pou diminye itilizasyon enèji siyifikativman, maksimize rekiperasyon enèji, ak amelyore klima ak rezistans rezo a.

"Envesti nan konsepsyon ak deplwaman sistèm chofaj ak refwadisman pwòp se yon lòt pati nan estrateji New York pou dekarbonize bilding yo ak diminye emisyon atravè Eta a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Avèk nouvo pwogram sa a, n ap kreye bilding ki efikas anèji en ak konfòtab pou travay, viv, ak aprann atravè Eta a."

Nouvo [Pwogram Tèmik nan Gran Echèl la \(Large-Scale Thermal Program\)](#), ki te administre pa Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), pral bay finansman pou kolèj ak inivèsite, konplèks pou plizyè fanmi, kanpis medikal ak kominote pou pwojè yo ki itilize ponp tèmik ak resous tèmik ki fèb an kabòn tankou jewotèm, dlo ize, chalè fatra, dlo sifas, ak depo enèji tèmik pou entegre diferan sistèm chofaj ak refwadisman pwòp ak ekipman nan bilding yo yon fason efikas. Sit pwojè yo ka konpoze de yon sèl gwo bilding oswa plizyè bilding ki nan menm lokalite (pa egzanp, plizyè bilding ki sèvi ak yon sistèm tèmik ak/oswa resous pataje), swa konstriksyon ki deja egziste oswa ki nouvo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Chofaj espas ki okipe yo ak pwodiksyon dlo cho domestik reprezante yon defi pou dekarbonize nan bilding yo, sa ki souliye enpòtans nouvo pwogram sa a ki pral bay sipò pou pwojè ki montre modèl ki ka repwodui pou diminye itilizasyon enèji ak ogmante rezistans klima ak rezo a. Pandan n ap kontinye anbrase ak aplike nouvo teknoloji

inovan tankou tèmik nan gran echèl, Eta New York pral kontinye pwogrè nan redui emisyon gaz ki lakòz efè tèmik pandan y ap amelyore kalite lavi rezidan yo ak sistèm chofaj ak refwadisman pwòp, efikas ak modèn."

Kòm yon pati nan demann konpetitif sa a, NYSERDA pral bay priyorite pwojè ki sitiye nan [kominote ki defavorize yo](#) (disadvantaged communities, DACs), jan sa defini nan Gwoup Travay pou Jistik Klimatik la (Climate Justice Working Group) la, oswa ki sèvi rezidan ki pa gen anpil revni yo, ki konsistan avèk egzijans Lwa Klima pou omwen 35 pousan, ak yon objektif 40 pousan, nan benefis nan envèstisman enèji pwòp yo ale nan DAC yo. Konsepsyon pou pwojè k ap sèvi bilding rezidansyèl yo pral oblije prepare ak delivre yon Plan Pwoteksyon ak Angajman Kliyan (Customer Engagement and Protection Plan), ki pral montre kijan yo pral edike ak rekrite kliyan yo pou yo konekte ak sistèm nan ansanm ak dwa ak responsablite yo pou koneksyon, ki gen ladan pwoteksyon kont pri enèji k ap ogmante yon fason sinifikatif. Yon kondisyon davans pou aplike pou pataje pri konsepsyon se yon etid posibilite ki acheve kit se atravè [pwogram Sistèm Pwop Tèmik Kominotè a \(Community Heat Pump Systems program\)](#), [pwogram FlexTech](#), oswa yon lòt sous finansman.

Dat limit pou pwopozisyon yo se **3:00 p.m nan 26 septanm 2024**. NYSERDA pral òganize tou yon [webinè](#) enfòmatif **11 jiyè 2024, a 3:00 p.m.** pou moun ki gen enterè yo aprann ki pwojè ki elijib ak kijan pou aplike.

Anons jodi a bati sou pwogrè NYSERDA te fè nan kad [Pwogram Sistèm Pwop Tèmik Kominotè a](#), yon pwogram pilòt ki te lanse nan mwa fevriye 2021 pou sipòte etid sou posibilite, konsepsyon detaye, oswa konstriksyon yon rezo enèji tèmik. Atravè pwogram nan, NYSERDA te bay finansman plis pase 50 sit pwojè nan diferan etap devlopman pwojè a. Pwogram sa a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta a pou redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè a 40 pousan dis 2030 ak 85 pousan dis 2050, epi asire omwen 35 pousan, ak yon objektif 40 pousan, nan benefis ki soti nan envèstisman yo dwe ale nan kominote defavorize yo.

Bilding yo se youn nan sous emisyon gaz ki lakòz efè sè ki pi enpòtan nan Eta New York epi atravè NYSERDA ak pwogram sèvis piblik yo, yo ap envesti plis pase 6.8 milya dola pou dekarbonize bilding yo. Lè nou amelyore efikasite enèjetik nan bilding yo ak fè avanse enstalasyon ekipman estokaj, enèji renouvlab ak ekipman rechaj pou veyikil elektik yo sou plas nan tout eta a, Eta a pral redwi polisyon kabòn li epi atenn sib anbisye eta te etabli pou l redui konsomasyon enèji pa 185 BTU (British thermal units) dis 2025, ki ap ekivalan a alimantasyon 1.8 milyon kay.

Pwogram sa a finance atravè [Finansman pou Enèji Pwòp \(Clean Energy Fund, CEF\)](#) ak [Inisyativ Rejyonal sou Gaz a Efè De Sè \(Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI\)](#).

Plan Klimatik Lidè Nasyonal Eta New York la

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke

omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide atravè kèk nan inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, New York ap fè avanse yon seri efò – ki gen ladan pwogram New York Cap-and-Invest (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz lakòz efè tèmik a 40 pousan rive 2030 ak 85 pousan rive 2050 pa rapò ak nivo ane 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt ap sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la apati 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)